

Zvii zvinonzi Zvirongwa Zveyamuro Kuvarimi (FISPs)?

Zvirongwa zveyamuro kuvarimi zveGreen Revolution imhando dzembeu, mafetiraiza, uye mishonga yezvipembenene. Pakurima izvi zvinofanira kutengwa - kazhinji kuburikidza nesangano rehurumende, vatengesi vezvibatiso zvekurima kana vemakambani makuru ezvokutenga nekutengesa izvi.

Shoko rekuti 'subsidy' rinoreva kuti kune munhu achapa chinhu kubatsira varimi kutenga zvibatiso izvi pakurima. Kazhinji 'munhu' uyu isangano rehurumende kana zvevokutenga nokutengesa, uye 'chinhu' ndiyo kazhinji mari yechikwereti kana imwe mhando yechirongwa chechikwereti.

'Subsidy' zvinoita sokuti hurumende kana zvevokutengeserana nokutengesa vari kuita chinhu chakanaka chinodiwa navarimi, **ASI** varimi vanofanira kungwarira pamusoro pemigumisiro yenguva refu chero zvikwereti zvemari kana zvirongwa zvezvikwereti. Kazhinji izvi zvinotungamirira varimi kupinda mumimusungo yezvikwereti iyo vanokona kukwanisa kutiza. Chii chichaitika kana usingakwanisi kubhadhara chikwereti?

